

# Lye Kilt yo ka elijib pou asistans FEMA

Release Date: Oktòb 24, 2024

**RALEIGH, N.C.** - Lye Kilt san bi likratif ki kalifye nan Kawolin di Nò ka elijib pou sibvansyon FEMA pou kouvri depans ki gen rapò ak Tanpèt Twopikal Helene. Sibvansyon atravè pwogram Asistans Piblik FEMA a ka kouvri depans pou repare oswa ranplase enstalasyon ki andomaje pandan tanpèt la.

FEMA defini etablisman relije yo kòm yon legliz, sinagòg, moske, tanp oswa nenpòt lòt Lye Kilt, kèlkeswa karaktè relije etablisman an. Pa gen okenn etablisman relije oswa kay pou adore yo pa ka eskli nan definisyon sa a paske lidèchip òganizasyon oswa manm yo limite a sèlman moun ki pataje yon lafwa oswa pratik relije.

Èd pou reparasyon ak depans ranplasman ka disponib pou Lye Kilt nan [konte ki kalifye yo ak Nasyon Tribi nan](#) Kawolin di Nò. Pou yon aplikan elijib, etablisman Lye Kilt la dwe:

- Dwe se pwopriyete oswa jere pa yon òganizasyon prive san bi likratif;
- Ouvè a piblik la;
- Yo te andomaje nan tanpèt twopikal Helene;
- Èske swa pa resevwa finansman oswa li pa resevwa ase finansman apre w fin aplike pou yon prè pou katastwòf (SBA, U.S. Small Business Administration) pou repare oswa ranplase yon etablisman; epi
- Aplikasyon an dwe gen ladann dokiman leta ak/oswa Internal Revenue Service Etazini sou estati egzonerasyon taks, konstitisyon anvan katastwòf ak lòt dokiman.

SBA kapab prete jiska 2 milyon dola bay kay ki kalifye pou repare oswa ranplase pwopriyete ki andomaje oswa ki detwi. SBA kapab prete lajan adisyonèl tou pou ede ak pri amelyorasyon yo pou pwoteje, anpeche oswa minimize domaj katastwòf rive nan lavni.

Òganizasyon relije ki bay yon "sèvis enpòtan" pa oblige pase nan pwosesis SBA.



**FEMA**

Page 1 of 2

Organizasyon san bi likratif ki dirije enstalasyon medikal ak edikasyon yo konsidere kòm "sèvis enpòtan". Kategori san bi likratif sa a ka travay avèk FEMA sou yon sibvansyon potansyèl san yo pa aplike nan SBA dabò. Sepandan, sa a sèlman aplike nan enstalasyon ki bay "sèvis enpòtan." Lye kilt yo dwe toujou aplike pou yon prè SBA pou enstalasyon ki andomaje k ap bay "sèvis ki pa enpòtan".

**Dat limit pou aplike pou domaj fizik pwopriyete a se 27 novanm 2024. Dat limit pou retounen aplikasyon pou aksidan ekonomik yo se 30 Jen 2025.**

Aplikan yo ka aplike sou Entènèt epi resevwa plis enfòmasyon sou asistans pou katastwòf nan [sba.gov/disaster](https://sba.gov/disaster). Aplikan yo ka rele egalmanl Sant Sèvis Kliyantèl SBA nan **(800) 659-2955** oswa voye yon emèl [disastercustomerservice@sba.gov](mailto:disastercustomerservice@sba.gov) pou plis enfòmasyon sou asistans aprè dezas la nan SBA.

Nou ankouraje tout aplikan yo – menmsi yo ap tann yon desizyon prè SBA – pou yo fè yon demann pou asistans piblik (RPA, Request for Public Assistance) pi vit posib lè yo kontakte biwo jeson ijans lokal yo. Gen kèk aktivite konsènan travay ijans ki te fèt nan preparasyon oswa repons pou tanpèt la ka elijib san yon desizyon SBA oswa pandan y ap tann yon desizyon SBA.

Lòt Resous:

- Videyo: [FEMA Asistans Piblik pou Lye Kilt yo](#)
- Fèy Enfòmasyon FEMA: [Asistans Piblik: Fèy Enfòmasyon sou Elijibilite òganizasyon San bi likratif prive\(fema.gov\)](#)
- Fèy Enfòmasyon FEMA: [Diminisyon Dega Dezas ak Asistans Piblik FEMA](#)



**FEMA**

Page 2 of 2